



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ÒGANIZE REYINYON AK PWOSESÈ YO, SIPÈ-ENTANDAN LEKÒL YO, AK PARAN YO POU DISKITE PWOCHEN ETAP APRE PANDEMI AN

Foto yo disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul a te òganize reyinyon ak pwofesè yo, sipè-entandan yo ak paran yo nan Eta New York pou remèsye yo pou travay yo fè pou kenbe lekòl nou yo an sekirite epi ouvè, epi tande opinyon yo sou fason pou kontinye pwoteje yon fason entelijan kont COVID-19.

"Pandan n ap kontinye wè ka yo ak kantite moun ki entène lopital yo diminye, mwen kwè li enpòtan pou nou travay kole ak gwoup ak lidè yo ki sou teren an pou nou avanse ak pandemi an nan yon fason pou nou ka pran yon longè davans sou COVID-19 epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kenbe lekòl yo ouvè te toujou pi gwo priyorite mwen, e mwen vle remèsye pwofesè yo, administratè yo, ak paran yo ki te rejwenn mwen jodi a pou mwen te tande yo dirèkteman. Mwen vle raple paran yo ak gadyen yo tou pou yo fè pitit yo pran vaksen, ak dòz rapèl la si yo kalifye. Vaksen an san danje, gratis, doktè apwouve li epi li se kle pou kenbe kominote nou yo ak moun ki vilnerab yo an sekirite."

Charles Dedrick, ki se Direktè Egzekitif Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta New York (New York State Council of School Superintendents), te deklare, "Nou rekonesan paske Gouvènè Hochul rekonèt valè pou li tande dirèkteman sipè-entandan yo ak lòt moun k ap travay nan lekòl yo e ke li rekonèt siksè pataje nou nan kenbe lekòl yo ouvri pou ansèyman an pèsòn pou prèske tout timoun yo, prèske tout ane a. Nou kwè ke chanjman reflechi nan egzijans eta yo kounye a ka ede kenbe akseptasyon piblik nan kèlkeswa kondisyon ki ta ka rete nesesè."

Robert S. Schneider, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta New York la, te deklare, "Nou apresye opòtinite pou nou pale dirèkteman ak Gouvènè a. Hochul konsènan desizyon annatant li sou si wi ou non y ap pwolonje manda mask la nan lekòl yo. Menm jan ak tout moun, manm nou yo pare pou yo simonte pandemi sa a epi retounen nan lavi kòm nòmal, epi yo vle fè sa nan yon fason ki kenbe tout etidyan nou yo, pwofesè, anplwaye yo ak fanmi yo an sekirite. Gouvènè a, tankou manm konsèy lekòl yo, dwe balanse anpil enkyetid diferan epi finalman deside selon sa ki pi bon pou etidyan nou yo. Reseptivite gouvènè a sou opinyon kominote edikasyon an pral

san dout lakoz yon pozisyon enfòm epi nou espere l ap mete nou tout nan yon pi bon pozisyon pou avanse pou pi devan."

Mark F. Cannizzaro, ki se Prezidan Konsèy Sipèvizè ak Administratè, te deklare, "CSA apresye apwòch bon sans Gouvènè a. Nou espere ke sikonstans yo pral pèmèt byento yon soulajman restriksyon pandan y ap kenbe yon anviwònman ki an sekirite pou etidyan yo ak anplwaye yo."

Cindy Gallagher, Direktris Relasyon Gouvènmantal nan Asosyasyon Administratè Lekòl New York (School Administrators Association of New York), te deklare, "Asosyasyon Administratè Lekòl Eta New York la te kontan paske Gouvènè Hochul te envite l pou l te diskite sou konsèy ki gen rapò ak COVID-19 ak konsiderasyon posib pou modifiye konsèy ki gen rapò ak mete mask. Jan Gouvènè a te di nan konvèsasyon li jodi a. Li enpòtan pou fè konvèsasyon sa yo pou youn konprann pwosesis panse lòt. Nou te apresye lefètke Gouvènè a te santi ke administratè batiman yo te vwa ke yo fè konfyans nan kominote yo e ke panse nou yo te eleman enpòtan nan priz desizyon li."

Reveran Steve Lopez, Prezidan Konferans Distri Lekòl Big 5, te deklare, "Nou te travay san pran souf pou retounen ak timoun yo nan ansèyman an pèsòn kote nou konnen yo ye e nou vrèman rekonesan pou resous Gouvènè a te jwenn pou pèmèt nou adrese yon pakèt pwoblèm sante ak sekirite ak aplikasyon pwogram tès pou rete yo. Nou pa vle kraze okenn nan pwogrè ki deja fèt. Nou ankouraje Gouvènè a pou li asire ke Eta a kontinye suiv lasyans pandan l ap konsidere eliminasyon manda mask yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York dwe aplike nenpòt chanjman nan règleman ki gen rapò ak manda aktyèl la pou mask lekòl la nan yon fason inifòm atravè Eta a. Yo ta dwe gen responsablite pou yo tabli mezi estanda ak yon sistèm pou Eta a pran desizyon, sou yon baz rejyonal, ki gen rapò ak manda mask lekòl yo. Sa a se pa yon responsablite yo ta dwe mete sou sipè-entandan yo ak konsèy lekòl yo oswa sou Depatman Sante Konte yo ki deja etann. Fanmi nou yo ak anplwaye nou yo konte sou nou pou kenbe yo an sekirite epi nou depann sou Eta a pou asire ke lasyans mennen nenpòt chanjman politik."

Dana Platin, ki se Prezidan, Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Association, PTA) Eta New York, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè a pou reyinyon enpòtan jodi a ak patenarya kontinyèl li, epi nou rejwenn li pou nou tann ak enpasyans yon retou ki plis nòmal nan batiman lekòl nou yo. Nou gen konvèsasyon chak jou ak estaf Gouvènè a sou pwoblèm enpòtan lekòl nou yo ap fè fas, tankou konvèsasyon souvan sou COVID-19 ak kesyon paran yo ak fanmi yo ap chèche repons pou yo - mete mask, pran distans, rete an karantèn, rekiperasyon akademik, ak sipò emosyonèl akademik ak sosyal pou tout etidyan yo, e sitou etidyan ki gen andikap yo. Byenke nou ka pa toujou dakò, apre apèl jodi a, nou kwè ankò ke Gouvènè a konprann enkyetid paran yo ak fanmi yo atravè eta a, epi nou fyè pou reprezante pozisyon PTA sou zafè sa yo. Nou pral kontinye travay ak moun ki gen enterè nan edikasyon yo, Gouvènè a, Depatman Edikasyon Eta nou an, ak lejislati nou an pou nou tout ka wè vizaj timoun nou yo k ap souri yon lòt fwa ankò, nou espere li nan yon fiti pròch."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)